

# OU VLE KITE FIMEN? NOU KAPAB EDE W!

## Aprann kite toutbon

Etid yo montre mounn ki fimen gen plis chans kite toutbon si yo pran medikaman pou redui anvi yo epi aprann jan pou jere sa ki lakòz yo fimen.

**Kite fimen se youn nan bagay ki pi enpòtan ou kapab fè pou sante w.**

Lè w kite fimen w ap wè avantaj sa pote pou sante w touswit:

- Pi bon respirasyon ak sikilasyon
- Pi bon tansyon
- Mwens refwadisman ak lòt enfeksyon
- Pi bon kontwòl sik ou
- Kolestewòl pi ba

### Èske w konnen?

*Lè w sispann fimen anvan w al fè operasyon, ou bay tèt ou plis chans geri pi vit.*

**Pwogram Tretman Akoutimans ak Tabak la nan CHA (CHA Tobacco Treatment Program) kapab ede w!**

Pale avèk pwofesyonèl medikal ou a sou medikaman ki pou ede w kite ak sou yon referans pou Pwogram Tretman Akoutimans ak Tabak la nan CHA. Pifò asirans maladi yo ap kouvri pri medikaman pou ede w kite fimen.

**Pwogram tretman akoutimans ak tabak la nan CHA: 617-591-6922 oswa sou entènèt nan [challiance.org](http://challiance.org)**

### Lòt Resous

Liy Èd pou Moun ki Fimen nan Massachusetts (Massachusetts Smokers' Helpline)

800-QUIT-NOW (800-784-8669) [MakeSmokingHistory.org](http://Makesmokinghistory.org)

[Smokefree.gov](http://Smokefree.gov)